

SPS QUARTERLY

Stamford Public Schools | Stamford, CT

Prentan 2024

B Byenveni nan SPS Quarterly Prentan 2024, yon piblikasyon ki te kreye pou kenbe òganizasyon ak patnè kominotè nou yo, manm ak anplwaye Konsèy Minisipal yo, òganizasyon relijye, chèf antrepriz yo ak kominote a an jeneral enfòmè sou sa k ap pase nan Stamford Public Schools.

Doktè Tamu Lucero
Sipèentandan,
Stamford Public Schools



Doktè Tamu Lucero
Sipèentandan,
Stamford Public Schools

Bidjè Fonksyònman 2024-25

Jedi 2 me, Konsèy Reprezantan Stamford la te vote pou apwouve bidjè Konsèy Edikasyon Ane Fiskal 2025 la pou yon montan \$330,737,756, yon ogmantasyon 5.48 pousan parapo ak Ane Fiskal 2024 la. Sa a se aboutisman yon pwosesis ki te kòmanse an janvyè lè yo te prezante bidjè fonksyònman Sipèentandan an bay BOE. Nou vrèman apresye konsiderasyon ak atansyon ke Konsèy Edikasyon, Finans, ak Reprezantan yo te pran lè yo te egzamine bezwen finansye Distri a. Bidjè final apwouve a pral pèmèt nou kontinye bay bon jan kalite pwogram ak sèvis elèv nou yo bezwen pou atenn potansyèl akademik yo, epi l ap prezève pifò pòs ki te finanse gras ak Sibvansyon Federal Sekou epòk

COVID la, ki ap ekspire. Mèsi a tout moun nan kominote a ki te ekspriye sipò yo pou bidjè a.

Seremoni gradyasyon ak pasaj nan klas siperyè

Li difisil pou kwè, men seremoni gradyasyon ak pasaj nan klas siperyè yo pral dewoule nan kèk semèn! Tanpri make dat sa yo nan ajanda ou yo epi asire w ke w revize sit wèb chak lekòl yo pou konnen lè kòmansman ak risk pou lapli.

Lendi 10 jen

Davenport
KT Murphy
Newfield
Rogers
Roxbury
Springdale
Toquam

Madi 11 jen

Hart Magnet
Northeast
Stark
Stillmeadow
Strawberry Hill
Westover

Vendredi 14 jen

Cloonan
Dolan
Turn of River
Scofield
Rippowam

Seremoni gradyasyon nan lekòl segondè:

Vendredi 14 jen

Stamford High: 2 p.m.
Westhill: 2 p.m.
AITE: 3 p.m.



Me se Mwa Sante Mantal

Pandan tout mwa me a, SPS ap mete aksan sou resous ki disponib pou ede timoun ak adolesan devlope rezistans, estrateji pou pran swen tèt yo, ak konpetans pou jere estrès. Sa pa gen lontan, Doktè Michael Fernandes ak plizyè direktè te bay BOE yon mizajou sou Sistèm Evalyasyon DESSA (Devereux Student Strengths Assessment), yon evalyasyon konpetans sosyo-emosyonèl (SEL) ke Eta Ct la bay distri yo gratis.

Yo itilize DESSA pou enfòmasyon planifikasyon entèkansyon ak ansèyman SEL, epi lekòl nou yo sèvi ak yon varyete lòt pwogram ki baze sou prèv - tankou Responsive Classroom, Open Circle, ak RULER - pou ede elèv yo devlope konpetans sosyo-emosyonèl esansyèl. Entegre SEL nan kilti chak lekòl se yon pati nan efò distri a pou sipòte sante mantal elèv yo.

**MENTAL
HEALTH**
AWARENESS MONTH



Ienfòmasyon sou Lekòl Ete

NNou ap prepare pou ofri Pwogram SPS Summer School, yon pwogram sou envitasyon, ki gen pwogram sipò akademik pou elèv 1ye-3yèm ane ak rekiperasyon kredi pou elèv ki nan klas 9yèm-12yèm ane. Lòt pwogram ete yo enkli pwogram pou Nouvo Arive yo pou elèv k ap aprann Angle (klas 1ye-3yèm ane ak 9yèm-12yèm ane) ak pwogram Ane Eskolè Pwolonje (ESY) pou elèv edikasyon espesyal ki kalifye nan matènèl-12yèm ane.

Tanpri gade sitwèb nou an pou jwenn detay konplè sou Lekòl Ete, ki gen ladan dat, lè, ak kote.



Enskripsyon pou matènèl 2024-25

Enskripsyon nan matènèl yo deja an kou. Timoun Stamford ki ap gen senkan nan dat 1ye septanm 2024 oswa anvan, yo elijib pou kòmanse klas matènèl nan mwa Out. Nenpòt moun ki gen yon timoun ki elijib pou klas matènèl ta dwe enskri pi vit posib. Klike la a pou jwenn plis enfòmasyon oswa voye imèl bay ofce@stamfordct.gov ak kesyon yo.

Stamford Public Schools ap òganize evènman enskripsyon an pèsòn pou fanmi ki bezwen èd pou konplete pwosesis enskripsyon an.

- Samdi 13 jiyè: Ferguson Library, Harry Bennett Branch (10 am pou rive 2 pm)
- Samdi 10 out: Government Center (10 am pou rive 2 pm)



Deklarasyon Dwa pou Moun Poliglòt k ap Aprann ap antre anvigè 1ye Jiyè

Deklarasyon Dwa pou Moun Poliglòt k ap Aprann nan antre anvigè apati 1ye jiyè 2024. SPS sipòte efò Eta a pou asire ke tout fanmi yo an mezi pou jwenn enfòmasyon sou edikasyon pitit yo nan lang matènèl yo. Aktyèlman, SPS sipòte dis lang ki pi komen yo pale lakay elèv yo (nan lòd itilizasyon sit entènèt la): anglè, panyòl, Ikrenyen, Pòtigè, Kreyòl-Ayisyen, Ris, Polonè, Chinwa, Bengali, Hindi, ak arab. SPS ofri anpil pwogram ak sèvis sipò elèv yo ak fanmi yo nan lang matènèl yo, tankou:

- Sitwèb Distri a, sit entènèt lekòl yo, ak Pòtal Paran PowerSchool aksesib nan 10 lang mondyal.
- Aplikasyon REMIND pou yon kominikasyon bidireksyonèl ant lekòl ak fanmi nan lang prefere itilize a.
- Sèvis tradiksyon lang pa telefòn pou konferans ak lòt reyinyon paran.
- Pwofesè SPS yo resevwa omwen 20 èdtan fòmasyon EL.

- Lyezon Angajman Fanmi ak Kominote bileng nan chak lekòl.
- Entèpretasyon an panyòl an dirèk pou reyinyon kominote distri a patwone ak tout reyinyon regilye BOE chak mwa.
- Mesaj chak semèn Sipèentandan an, fèt an Anglè, Panyòl, ak Kreyòl Ayisyen.
- SPS Quarterly a fèt an Anglè, Panyòl, Kreyòl Ayisyen, ak Ikrenyen.
- Café con la Super, yon reyinyon an pèsòn chak mwa pou moun Panyòl la se lang matènèl yo.

Kalandriye Distri pou 2024-25 ak 2025-26

Sapa gen lontan, yo te enfòme BOE ke kenbe lekòl yo ouvri jou Columbus Day ak Jou Veterans Day yo p ap san konsekans sou depans yo, jan sa te prevwa okòmansman. Se poutèt sa, BOE te modifye kalandriye Distri yo pou 2024-25 ak 2025-26 pou lekòl yo ka fèmen nan Columbus Day ak Veterans Day. Kalandriye apwouve yo disponib pou gade ak telechaje sou sitwèb SPS la.



Egzamen Medikal lekòl obligatwa pou klas Matènèl, 7yèm ak 10yèm ane

Tout elèv k ap antre nan klas Jadendanfan, 7yèm, ak 10yèm ane gen obligasyon dapre lalwa pou bay enfimyè lekòl la prèv yon egzamen medikal ki resan anvan premye jou lekòl la. Yo ankouraje fanmi yo pou yo pwograme egzamen medikal pitit yo ak doktè yo a oswa yon sant sante lekòl la pi vit posib. Men yon lyen ki mennen nan fòmilè a. Ou ka jwenn lyen pou enskri pou Sant Sante Lekòl yo la a.

Nou ap rekrite

Stamford Public Schools ap rekrite aktivman pou ane eskolè 2024-25 la. Kounye a se moman pou w aplike si w ta renmen rejwenn ekip edikatè pasyone e devwe nou an. Pos apentan disponib nan matyè debaz lekòl segondè yo (ELA, Matematik, Syans, ak Syans Sosyal) ansanm ak Ansèyman Espesyal, Ansèyman Miltileng, Ansèyman Elemantè ak plis ankò.

W ap chèche orè fleksib? Ou ka vin yon pwofesè ranplasan. Antanke ranplasan, ou ka fikse pwòp orè ou epi travay valè tan ou vle.

Selebre anplwaye nou yo!

Anons Pwofesè pou ane a, gayan Spotlight

Tanpri rejwenn mwen pou nou felisite Carolyn Tschinkel, pwofesè matènèl nan Stillmeadow, ke yo te nonmen Pwofesè ane 2024-25 la nan SPS! Madam Tschinkel rejwenn Danielle Marenholz (WHS), Kenneth Martin (WHS) ak Timothy Martin (WHS) nan kad kowòt Pwofesè pou Ane 2024-25 la. Yo rekonèt 26 lòt edikatè ki soti nan 13 lekòl atravè Pwogram "Spotlight on Teaching" nan. Klike la a pou wè lis konplè moun yo onore yo.



Paraeducator 2024-2025 pou Ane a

Sa a se premye fwa nan plizyè ane ke SPS ap selebre paraeducators nou yo ak prim espesyal sa a, epi nou kontan selebre Maritza Nunez, Stark Elementary School kòm Paraeducator pou ane a 2024-2025! Maritza yo rekonèt ansanm: 1ye Place - Lauren Hunt, Turn of River Middle School ak 2yèm plas - Joan Scalise, Lekòl Elemantè Davenport Ridge.

Prim Edikatè SPEF

Felisitasyon pou Patrice Moore, Pwofesè Twazyèm Ane Hart, ke Stamford Public Education Foundation (SPEF) te nonmen Edikatè Ane 2024 la pandan remiz anyèl Prim Ekselans nan Edikasyon. Patrice te seleksyone pami 22 edikatè SPS ke Òganizasyon paran-pwofesè chak lekòl yo te nonmen.

Nan non tout moun nan Stamford Public Schools, mèsi a SPEF ak paran lidè nan lekòl nou yo paske yo rekonèt e selebre edikatè talantye ak devwe nou yo.



Mèsi paske w te li. Vizite sitwèb nou an pou plis enfòmasyon sou Stamford Public Schools epi klike la a pou w ka abòne ak Mesaj Chak Semenn Sipèntandan an, SPS Quarterly, ak lòt avi ki soti nan Stamford Public Schools.